

Patisipe nan yon sesyon vityèl sou òf ak lisdatant lekòl segondè!

NOU ENVITE W nan yon sesyon vityèl andirèk (live) pou fanmi elèv k ap antre nan lekòl segondè otòn sa a.

Si w vle dekouvri opsyon ou genyen apre òf lekòl segondè w la, si w toujou bezwen yon òf pou otòn lan, oswa si w gen kesyon sou pwochen etap yo, vin patiisipe avèk nou nan yon sesyon enfòmasyon sou òf ak lisdatant yo. Nou pral pale sou kijan pou ajoute tèt ou nan lisdatant yo, kòman yo fè òf lisdatant yo, ak kisa pou fè si w jwenn yon òf sou lisdatant. Apre prezantasyon an, n ap reponn kesyon ou genyen.

- Chak sesyon ap fèt vityèl, donk ou ka patisipe nenpòt kote ou ye!
- Tanpri sonje chak aktivite pral gen menm kontni an, men chak aktivite pral ofri entèpretasyon nan diferan lang—gade pi ba a pou detay.
- Nou pral fè sesyon yo nan dat ak lè sa yo. Nou pral voye yon lòt imèl jou avan chak aktivite ak lyen ak enfòmasyon sou fason pou patisipe:
 - **Mèkredi, 15 jen**, 5:30pm – 6:30pm | Aktivite a ap fèt an Angle | Entèpretasyon nan: **Bangla, Koreyen, Oudou**
 - **Jedi, 16 jen**, 1:00pm – 2:00pm | Aktivite a ap fèt an Angle | Entèpretasyon nan: **Arab, Fransè, Ris**
 - **Madi, 21 jen**, 5:30pm – 6:30pm | Aktivite a ap fèt an Angle | Entèpretasyon nan: **Chinwa (Mandaren), Kreyòl Ayisyen, Panyòl**

Ou pa ka patisipe nan yon aktivite k ap fèt andirèk (live), oswa ou vle gen plis enfòmasyon? Ale sou schools.nyc.gov/High. Yon anrejistreman ki gen soutitraj pral disponib sou sitwèb nou an avan fen jen a.

Bon siksè,

Ekip admisyon lekòl segondè a, Biwo enskripsyon elèv (Office of Student Enrollment, OSE)
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk
schools.nyc.gov/High | schools.nyc.gov/SHS

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl segondè nan schools.nyc.gov/SignUp. Si w ta renmen retire non w sou pou pa resevwa lòt mesaj sou admisyon lekòl segondè, tanpri klike [la a](#).